**МИНИСТЕРСТВО ПРОСВЕЩЕНИЯ РОССИЙСКОЙ ФЕДЕРАЦИИ**
**МИНИСТЕРСТВО ОБРАЗОВАНИЯ И НАУКИ РЕСПУБЛИКИ ДАГЕСТАН**

**МР «БОТЛИХСКИЙ РАЙОН»**

**МКОУ «Тандовская СОШ**

| РАССМОТРЕНО | СОГЛАСОВАНО | УТВЕРЖДЕНО |
|---|---|---|
| на методическом совете | Зам. директора по УВР | директор МКОУ "Тандовская СОШ" |
| Протокол №____ | Зиявудинова М.М. | ___________ Э.А. Исаева |
| «___»__________2023 г. | ________________________ | Приказ №54-Д от 31.08.2023г. |
| | «_____»________20__ г. | |

# РАБОЧАЯ ПРОГРАММА

**учебного предмета «Литературное чтение (аварский). Базовый уровень»**

для обучающихся 1-4 классов

**Тандо 2023**

# Литературное чтение (аварский).

## Литературияб ц1али

Программа хIадур гьабуна байбихьул школалда тIуразаризе хIисабалде росарал хIасилалги, Обществоялда инсанасул рухIияб рахъ, хьвада чIвадиялъул къагIидаби церетIеялъул ва гьезие тарбия кьеялъул концепцияги, Байбихьул школалъул лъайкьеялъул федералияб пачалихъияб стандартги кьочIое росун.

**Рабочая программа составлена на основе следующих нормативно - правовых документов:**

1. Федеральный закон от 29.12.2012 г. № 273-ФЗ «Об образовании в Российской Федерации»;
2. Федеральный государственный стандарт начального общего, основного общего и среднего (полного) общего образования, утв. Приказом Министерства образования и науки РФ от 17.12.2010 г. № 1897;
3. Концепции духовно-нравственного развития и воспитания личности гражданина России.- М.: Просвещение, 2011.
4. СанПиН 2.4.2.2821-10 "Санитарно-эпидемиологические требования к условиям и организации обучения в общеобразовательных учреждениях". Постановление № 189 от 29.12.2010г.
5. Федерального перечня учебников, рекомендованных Министерством образования и науки Российской Федерации к использованию в общеобразовательном процессе в образовательных учреждениях от 31.03.2014 года № 253.
6. Федеральная образовательная программа начального общего образования 2023 г.
7. «Положение о рабочих программах учебных предметов, учебных курсов (в том числе внеурочной деятельности), учебных модулей в соответствии с требованиями Федеральных основных образовательных программ» утвержденный по приказу №40-Д от 22.06.2023 г .
8. Учебный план МКОУ «Тандовская СОШ».
9. Авторской программы Вакилов Г.С. Махачкала 2017г

**Учебно-методический комплект:**

1 класс - Гамзатов А.Г «Авар калам» НИИ Махачкала 2005г
2 класс – ХI. С. Вакилов, М. П. Г1абдулаев, Г. И. Мадиева «Авар калам» НИИ Махачкала 2005г
3 класс- ХI. С. Вакилов, М. П. Г1абдулаев, Г. И. Мадиева «Авар калам» НИИ Махачкала 2005г
4 класс - Авар калам: 4 классалъе цIалул тIехь / С. З. ГIалиханов. - Махачкала: НИИ педагогики, 2013

Байбихьул школалда авар мацI лъазабизе бихьизабун буго кинабниги 135 сагIат:
1 классалда 33 сагIат кьун буго анкьида жаниб 1 саг1ат, ц1алул анкь 33;
2 – 4 классазда авар каламалъул дарсазе 34 – 34 сагIат кьун буго (щибаб классалда 34 – 34 цIалул анкь, анкьида жаниб 1-1сагIат)

## Курс лъугIун хадуб кьолел хIасилал

**Напсиял хIасилал**

1. Жиндирго ВатIаналде, Россиялъул ва Дагъистаналъул миллатазде ва гьезул тарихалде кIудияб рокьи бижизаби.
2. Цогидал миллатазул маданияталдехун ва гьезул тарихалдехун, гьединго батIияб пикруялдехун цIуна-къараб балагьи бижизаби.
3. ЦIалиялдехун лъимералъул интерес бижизаби.
4. Жинца гьарурал ишазул жавабчилъиги жибго жиндаго чIараб, цогиялда бухьинчIеб хасиятги цебетIезаби.
5. Эстетикияб бичIчIи лъугьинаби.
6. Цогидал гIадамазе кумекалъе хIадурав, ният лъикIав, хIалхъублъи гьечIев, гIадамазе лъикIлъи гьабулев инсан вахъинави.
7. Лъиданиги цадахъ хIалтIизеги щулияб гьоркьоблъи гьабизеги бугеб бажари цебетIезаби, тIадкIалъай бугеб, дагIбадулаб ахIвал-хIалалдаса ворчIизе нух батиялъул бажари цебетIезаби.
8. Творческияб хIалтIуде гъира ккезаби, ай творческияб къагIидаялъ хIалтIизе бугеб бажари цебетIезаби.

**Метапредметиял хIасилал**

1. БатIи-батIиял жанразул ва тайпабазул текстал бичIчIун цIализе ругьунлъи, текстал кIалзул ва хъвавул формаялда гIуцIизе лъай.
2. Сверухъ тIабигIаталда нахъгIунтIизеги цогидазулгун бухьен гьабизеги каламалдаса пайда боси.
3. Накъиталъе гIахьаллъи гьабулев чиясухъ гIенеккизеги, диалогалъулъ гIахьаллъизеги, батIи-батIиял пикраби рукIиналъе мукIурлъизеги, жиндирго пикру загьир гьабизеги, гьелъие далил бачинеги разилъи.
4. Предметал дандекквезе, гьезул анализ ва синтез гьабизе, гьел гIаммлъизаризе, тIелазде рикьизе ва цоцада релълъинаризе лъай.
5. Предметазул ва предметазда гьоркьор ругел бичIчIиял лъай (цоцазулгун гьоркьоблъи, маданият, творчество, тIехь, асаралъул хIасил, художествияб текст ва гь. ц.); гуманитариял (ай инсанасул, гьесул культураялъул, тарихалъул бицунел) ва эстетикиял (ай искусствоялда, дунялалда ва гIадамазул гIумруялда жаниб берцинлъиялъул, гьайбатлъиялъул хIакъалъулъ бицунел) предметазда гьоркьор ругел бухьенал ричIчIи.
6. ЦIалиялда цере лъурал мурадал ва масъалаби ричIчIизе ва гьел тIуразаризе лъай.
7. Цебе лъураб масъалаялда рекъон цIалиялда хурхарал хIалтIаби планалда росизе, гьезда хадуб хелкквезе ва гьезие къимат кьезе бугеб бажари лъугьинаби.
8. ЦIалулъ жиндирго лъикIал яги квешал хIасилал рихьизе бугеб бажари лъугьинаби.
9. Цебе лъураб мурад тIубаялъе гIоло цадахъ хIалтIизе бажари.

**Предметиял хIасилал**
1. Литература тIолабго дунялалъулаб ва миллияб культура гIадин бичIчIи, гьелъ рухIияб бечелъи ва гIадатал цIунулеллъи лъай.
2. ТIехь культурияб бечелъи букIин бичIчIи.
3. РагIул искусство гIадин художествиял асараздехун бербалагьи букIинаби.
4. МагIарулазул ва Россиялъул цогидал миллатазул литератураялъул рухIияб бечелъи бичIчIи.
5. Инсан цеветIезавиялъе литератураялъул бугеб кIвар бичIчIи; ВатIаналъул ва гьелъул халкъалъул, сверухъ тIабигIаталъул, культураялъул, лъикIлъи-квешлъиялъул, гьудул-гьалмагълъиялъул, ритIухълъиялъул
хIакъалъулъ бичIчIи лъугьинаби; гьоркьоса къотIичIого цIалдезе кколеблъи бичIчIи.
6. ЦIалиялъул бугеб кIвар бичIчIи; цIалиялъул батIи-батIиял тайпабаздаса пайда боси (лъай-хъвай гьабиялъул, аслияб жо балагьиялъул, тIасабищул, лъазабиялъул); героязул хьвада-чIвадиялъе кьураб къимат хIужжабаздалъун кьучIаб букIин бихьизабизеги, гьоркьоб лъураб жоялда тIаса жиндирго пикру загьир гьабизеги, текстазул батIи-батIиял тайпаби ричIчIизеги, гьезие къимат кьезеги бажари. 7. Жиндие къваригIараб литература, живго жиндаго чIун, цогидазулкумек гьечIого, тIаса бищизеги цебе букIаралдаса цIикIкIараб информация бичIчIизе ва щвезе баян кьолел тIахьал (источникал) хIалтIизаризеги бажари.
8. БатIи-батIиял текстазул анализ гьабизе, ай гIиллаялъулабгин цIех- рехалъул бухьен чIезабизеги, асаралъул аслияб пикру загьир гьабизеги, текст бутIабазде биххизеги, гьел бутIабазда цIарал лъезеги, гIадатаб план гIуцIизеги, асаралъул загьирлъи, пасихIлъи бихьизабулел алатал ратизеги, текст жиндирго рагIабаздалъун цIидасан цIализеги бажари.
9. БатIи-батIиял текстазда тIад хIалтIизеги, цIалул ва художествиял, гIелмиялгин нахъгIунтIиялъулал текстазул хаслъаби рихьизаризеги бажари; художествиябгин творчествияб пагьму цебетIезаби; художествиял асаразда, суратазда тIасан яги жиндирго хIалбихьиялъул хIакъалъулъ живго бетIергьанаб текст гIуцIизе бажари.

## Курсалъул материал

### <u>1 класс (33 с)</u>

**Литературияб цIалиялъул байбихьул дарс**
Литературияб цIалул учебникалъулгун лъай-хъвай гьаби. Учебникалъул шартIиял ишараби. Учебникалда жаниб бугеб материалалъулгун лъай-хъвай гьаби. Словарь

**Маргьаби, бицанкIаби ва кицаби**
1 классалъул цIалдохъабазе мустахIикъал халкъиял ва литературиял маргьаби, кучIдул, кицаби ва бицанкIаби

**Их**

Ихдалил тIабигIаталъул, гьелъул берцинлъиялъул, хIайваназул гIумруялъул, хурзабахъ ва ахакь гьарулел хIалтIабазул, лъималаз гьарулел
ишазул хIакъалъулъ харбал ва кучIдул. Ихдалил кицаби ва бицанкIаби

**Дунги дир гьалмагъзабиги**
Лъималазул гIумруялъул ва гьудуллъиялъул, гьез гьарулел ишазул хIакъалъулъ асарал.

**Нилъер унктъхIатIилал гьудулзаби**
ХIайваназул ва хIанчIазул гIумруялъул, гьел цIуниялъул хIакъалъулъ къокъал кучIдул, харбал, маргьаби ва бицанкIаби.

**Курс лъугIун хадуб кьолел хIасилал**

**Напсиял хIасилал**

1. Жиндирго ВатIаналде, Россиялъул ва Дагъистаналъул миллатазде ва гьезул тарихалде кIудияб рокьи бижизаби.

2. Цогидал миллатазул маданияталдехун ва гьезул тарихалдехун, гьединго батIияб пикруялдехун цIуна-къараб балагьи бижизаби.

3. ЦIалиялдехун лъимералъул интерес бижизаби.
4. Жинца гьарурал ишазул жавабчилъиги жибго жиндаго чIараб, цогиялда бухьинчIеб хасиятги цебетIезаби.
5. Эстетикияб бичIчIи лъугьинаби.
6. Цогидал гIадамазе кумекалъе хIадурав, ният лъикIав, хIалхъублъи гьечIев, гIадамазе лъикIлъи гьабулев инсан вахъинави.
7. Лъиданиги цадахъ хIалтIизеги щулияб гьоркьоблъи гьабизеги бугеб бажари цебетIезаби, тIадкIалъай бугеб, дагIбадулаб ахIвал-хIалалдаса ворчIизе нух батиялъул бажари цебетIезаби.
8. Творческияб хIалтIуде гьира ккезаби, ай творческияб къагIидаялъ хIалтIизе бугеб бажари цебетIезаби

**Метапредметиял хIасилал**

1. БатIи-батIиял жанразул ва тайпабазул текстал бичIчIун цIализе ругьунлъи, текстал кIалзул ва хъвавул формаялда гIуцIизе лъай.
2. Сверухъ тIабигIаталда нахъгIунтIизеги цогидазулгун бухьен гьабизеги каламалдаса пайда боси.
3. Накъиталъе гIахьаллъи гьабулев чиясухъ гIенеккизеги, диалогалъулъ гIахьаллъизеги, батIи-батIиял пикраби рукIиналъе мукIурлъизеги, жиндирго пикру загьир гьабизеги, гьелъие далил бачинеги разилъи.
4. Предметал дандекквезе, гьезул анализ ва синтез гьабизе, гьел гIаммлъизаризе, тIелазде рикьизе ва цоцада релълъинаризе лъай.
5. Предметазул ва предметазда гьоркьор ругел бичIчIиял лъай (цоцазулгун гьоркьоблъи, маданият, творчество, тIехь, асаралъул хIасил, художествияб текст ва гь. ц.); гуманитариял (ай инсанасул, гьесул культураялъул, тарихалъул бицунел) ва эстетикиял (ай искусствоялда, дунялалда ва гIадамазул гIумруялда жаниб берцинлъиялъул, гьайбатлъиялъул хIакъалъулъ бицунел) предметазда гьоркьор ругел бухьенал ричIчIи.
6. ЦIалиялда цере лъурал мурадал ва масъалаби ричIчIизе ва гьел тIуразаризе лъай.
7. Цебе лъураб масъалаялда рекъон цIалиялда хурхарал хIалтIаби планалда росизе, гьезда хадуб хелкквезе ва гьезие къимат кьезе бугеб бажари лъугьинаби.
8. ЦIалулъ жиндирго лъикIал яги квешал хIасилал рихьизе бугеб бажари лъугьинаби.
9. Цебе лъураб мурад тIубаялъе гIоло цадахъ хIалтIизе бажари.

**Предметиял хIасилал**
1. Литература тIолабго дунялалъулаб ва миллияб культура гIадин бичIчIи, гьелъ рухIияб бечелъи ва гIадатал цIунулеллъи лъай.
2. ТIехь культурияб бечелъи букIин бичIчIи.
3. РагIул искусство гIадин художествиял асараздехун бербалагьи букIинаби.
4. МагIарулазул ва Россиялъул цогидал миллатазул литератураялъул рухIияб бечелъи бичIчIи.
5. Инсан цеветIезавиялъе литератураялъул бугеб кIвар бичIчIи; ВатIаналъул ва гьелъул халкъалъул, сверухъ тIабигIаталъул, культураялъул, лъикIлъи-квешлъиялъул, гьудул-гьалмагълъиялъул, ритIухълъиялъул
хIакъалъулъ бичIчIи лъугьинаби; гьоркьоса къотIичIого цIалдезе кколеблъи бичIчIи.

6. ЦIалиялъул бугеб кIвар бичIчIи; цIалиялъул батIи-батIиял тайпабаздаса пайда боси (лъай-хъвай гьабиялъул, аслияб жо балагьиялъул, тIасабищул, лъазабиялъул); героязул хьвада-чIвадиялъе кьураб къимат хIужжабаздалъун кьучIаб букIин бихьизабизеги, гьоркьоб лъураб жоялда тIаса жиндирго пикру загьир гьабизеги, текстазул батIи-батIиял тайпаби ричIчIизеги, гьезие къимат кьезеги бажари. 7. Жиндие къваригIараб литература, живго жиндаго чIун, цогидазулкумек гьечIого, тIаса бищизеги цебе букIаралдаса цIикIкIараб информация бичIчIизе ва щвезе баян кьолел тIахьал (источникал) хIалтIизаризеги бажари.
8. БатIи-батIиял текстазул анализ гьабизе, ай гIиллаялъулабгин цIех- рехалъул бухьен чIезабизеги, асаралъул аслияб пикру загьир гьабизеги, текст бутIабазде биххизеги, гьел бутIабазда цIарал лъезеги, гIадатаб план гIуцIизеги, асаралъул загьирлъи, пасихIлъи бихьизабулел алатал ратизеги, текст жиндирго рагIабаздалъун цIидасан цIализеги бажари.
9. БатIи-батIиял текстазда тIад хIалтIизеги, цIалул ва художествиял, гIелмиялгин нахъгIунтIиялъулал текстазул хаслъаби рихьизаризеги бажари; художествиябгин творчествияб пагьму цебетIезаби; художествиял асаразда, суратазда тIасан яги жиндирго хIалбихьиялъул хIакъалъулъ живго бетIергьанаб текст гIуцIизе бажари.

## 2 класс (34 с)

ЦIали ва калам цIебетIезаби (анкьида жаниб 1 сагIат,кинабниги 34 сагIат)

Асарал цIализе ва гьелда тIад хIалтIизе-27 сагIат.

Класстун къватIисеб цIалиялъе-3 сагIат.

Калам цебетIезебиялъул хIалтIабазе-4сагIат.

**Рии ракIалде щвезаби**

Риидал магIарул тIабигIаталъул бицунел харбал ва кучIдул. ЧIахIиял гIадамаз ва лъималаз гьарулел пайдаял хIалтIабазул бицунел асарал.

**Меседилаб хасалихълъи**

Хасалихъе тIабигIаталъул ва гьеб цIуниялъул, бачIин бакIариялъул ва ахакь, хурзабахъ гьарулел хIалтIабазул хIакъалъулъ къокъал, пасихIал харбал ва кучIдул. ТIабигIаталде экскурсия.

**НилъерункъхIатIилал гьудулзаби**

ХIайваназул ва хIанчIазул хIакъалъулъ къокъал кучIдул, харбал, маргьаби ва бицанкIаби. Гьел цIуниялда ва гьезул гIумруялда, бетIербахъиялда тIасан гара-чIвари.

**Эркенаб захIмат – нигIматазул иццо**

ЗахIматалъул, батIй-батIияб махщалил, гьединго лъималазул гIумруялъул ва пайдаял ишазул хIакъалъулъ асарал. Лъималазул рукIа-рахъиналда, хьвада-чIвадиялда тIасан гара-чIвари.

**Лъималазул гIумру ва гьезул ишал** Лъималазул гIумруялъул ва ишазул хIакъалъулъ харбал, кучIдул, кицаби ва абиял. Лъималаз цоцазе ва чIахIиязе гьабулеб кумекалда тIасан гара-чIвари.

**Хасел – лъималазе рохел** Хасалил гIаламатазул, ЦIияб соналде гьабулеб хIадурлъиялъул, хасалолъималаз гьарулел расандабазул, хIайваназ ва хIанчIаз хасел тIамулеб куцалъул бицунел асарал.Хасалил тIабигIаталде экскурсия.

**Хъизан ва школа** Хъизаналъул ва школалъул, кIудиязулги гIисиназулги цоцадехун букIине кколеб гьоркьоблъиялъул хIакъалъулъ кучIдул ва харбал.

**ЛъикIлъи, хIалимлъи, хIурмат** ГIадамазул лъикIабги квешабги хьвада-чIвадиялъул, цоцазе гьабулеб хIурматалъул, яхI-намус бугел унго-унгоял гIадамазул хIакъалъулъ харбал ва кучIдул.

**Халкъияб кIалзул гьунаралъул асарал** 2 абилеб классалъул цIалдохъабазе мустахIикъал захIматалъул, хIайваназул, гIажаибал лъугьа-бахъиназул, лъикIлъи-квешлъиялъул бицунел халкъиял маргьаби, кучIдул, кицаби, абиял ва бицанкIаби.

**Их** Ихдалил тIабигIаталъул, гьелъул берцинлъиялъул, хIайваназул гIумруялъул, хурзабахъ ва ахакь гьарулел хIалтIабазул, лъималаз гьарулел расандабазул хIакъалъулъ харбал ва кучIдул. Ихдалил байрамазул бицунел асарал (8 Март, оцбай ва гь.ц.)

Ихдалил тIабигIаталде экскурсия.

**Росу** Росдал тIабигIаталъул, гIадамазул гIумруялъул, гьез гьарулел хIалтIабазул, гIухьбузул, рекьарухъабазул, ахихъабазул хIакъалъулъ асарал.

**Нилъер ВатIан** ВатIаналъул, шагьаразул ва росабазул, гьаваялда, ралъдада ва ракъдада бахIарчилъи бихьизабурал Дагъистаналъул бахIарзазул хIакъалъулъ кучIдул ва харбал. Экскурсия «Нилъер росу», «Нилъер район».

**Класс тун къватIисеб цIали** ЦIализе кколеб материал. Жиндир кIодолъи 8-30 гьумералдаса тIаде инчIеб лъималазул художествияб ва гIелмиябгун художествияб тIехь. Жидецаго цIалулел кучIдузул, маргьабазул, харбазул кIодолъи букIине бегьула 1-10 гьумералдаса тIаде инчIеб.

**ЦIалул тематика.** ВатIаналъул, бахIарчиял ишазул, лъималазул, хIайваназул, гIажаибал лъугьа-бахъиназул ва гь.ц. хIакъалъулъ бицунел асарал.

**ТIехьалъулгун гьабулеб хIалтIи**. Лъималазда лъазе ва бажаризе ккола: тIехьалъул жилд, гьумер, ахир бихьизабизе; мугIалимас цIалун гIенеккарал ялъуни жидецаго цIаларал асаразда тIасан кьурал суалазе битIун жавабал кьезе; асаразул ва гьезул авторазул цIаразде балагьун, хIасил бицине; цIалараб жоялъул тема бицине; кьурал гIаламатаздалъун тIахьал тIаса рищизе; героязул гIамал-хасияталъе, гьез гьарулел ишазе ва гьез гIахьаллъи гьабулел лъугьа-бахъиназе битIун къимат кьезе; классалъул цIалул бокIоналъул низам цIунизе.

## 3 класс (34 с)

ЦIали ва калам цIебетIезаби (анкьида жаниб 1 сагIат,кинабниги 34 сагIат)

Асарал цIализе ва гьелда тIад хIалтIизе-27 сагIат.

Класстун къватIисеб цIалиялъе-3 сагIат.

Калам цебетIезебиялъул хIалтIабазе-4сагIат.

**Ц1али ва калам цебе т1езаби**.

**Рии** Риидалил тIабигIат цебечIезабулел Дагъистаналъул рагIул устарзабазулги халкъиял асараздасаги къокъал кучIдул ва харбал. Риидал лъимал хIалтIараб, гьез хIухьбахъи гьабураб куцалъул хIакъалъулъ харбал, кучIдул, гара-чIвариял.

**ТIабигIат цIуни – ВатIан цIуни** МагIарулазул хъвадарухъабазул гIагараб ВатIаналъул сипат-сурат цебечIезабулел асарал.

ТIабигIат цIунизе ккей загьир гьабулел асарал.ТIабигIаталда кколел хиса-басиял.

ТIабигIат цIуниялъул хIакъалъулъ халкъиял асарал: кицаби, маргьаби, бицанкIаби.

**Меседилаб хасалихълъи** Меседилаб хасалихълъиялъул сипат-сурат, берцинлъи, бечелъи цебечIезабулел асарал. Хасалихъе гьарулел хIалтIаби. Хасалихълъиялъул хIакъалъулъ халкъиял асарал. Хасалихъе рукъалъул ва гIалхул хIайванал. ТIабигIаталда кколел хиса-басиял.

**Лъималазул гIумру ва гьезул ишал** Лъималазул гIумруялъул ва ишазул хIакъалъулъ харбал. ГIадамазе, ВатIаналъе пайдаяллъун рукIине ккеялъул бицунел асарал. Лъималазе рекъел бокьула. Лъималазул миллияб гьудуллъи. Киналго лъимал вацал ва яцал ккола.

**ЦІорораб хасел** Хасалил тІабигІаталъул хІакъалъулъ харбал, кучІдул, кица-би, маргъаби. Хасало лъималазул расандаби. Халкъалъул кІалзул гъунаралъул асараздасан3 абилеб классалъул цІалдохъабазе мустахІикъал халкъиял маргъаби, харбал, кучІдул, кицаби, бицанкІаби.

**Рекъел ва гъудуллъи** Ракълилаб гІумруялъул ва гъудуллъиялъул берцинлъи, гъайбатлъи беццун хъварал кучІдул ва харбал. Ракълие гІоло къеркьей.Рохалилаб их.Ихдалил тІабигІаталъул, гьелъул берцинлъиялъул, ихдалил хІалтІабазул хІакъалъулъ харбал, кучІдул, маргъаби, кицаби, абиял. Ихдалил тІабигІаталда кколеб хиса-басиязул хІакъалъулъ гара-чІвари.

**Ихдалил байрамал (8 Март, 9 Май).** Эркенаб захІмат ЗахІматалъул церехъабазул хІакъалъулъ кучІдул. ЗахІмата-лъул баракат.

ЗахІмат ккола рохелги, бечелъиги, талихІги. ЗахІматалда хурхарал кицаби, абиял. ЧІахІияз ва лъималаз гьарулел хІалтІабазул хІакъалъулъ гара-чІвариял. МагІарулазул устарзабазул хІакъалъулъ харбал. ВатІан чІухІарал бахІарзал ВатІаналъе гІоло рухІ кьурал бахІарзазул гьунарал, гІаданлъи, лебаллъи, намус-бацІцІалъи загьир гьабулел къокъал харбал, кучІдул, маргъаби, биценал, кицаби. ГІалимзабазул, гІакъилзабазул хьвада-чІвадиялъул бицунел асарал. Класс тун къватІисеб цІали ЦІализе кколеб материал. ЦІализе хІисаб гьабурал художествиял тІахьал рукІине бегьула 1–100 гьумералдаса тІаде инчІел. ЛъикІаланго пайда босула

«Лачен» журналалдаса. ЦІалул тематика. Классалда цІализе ругел асаразул тематикаялде

балагьун, живго мугІалимас чІезарула цІализе мустахІикъал асарал. ТІехьалъулгун гьабулеб хІалтІи. Лъималазда лъазе ва бажаризе ккола: тІехьалъул бутІаби рихьизаризе: тІехьалъулги авторасулги цІарал ругеб тІоцебесеб гьумер, бутІрул, цебераггІи, цадахълъел; темаялда хурхараб тІехь тІаса бищизе, гьелъие битІараб къимат кьезе;лъагІалил I бащалъиялда анкьида жаниб 2–3 гьумералде, лъагІалил II бащалъиялда 10–15 гьумералде рахарал асарал цІализе; мугІалимасул суалазде мугъги чІван, цІалараб жоялъул хІасил цебечІезабизе.

Малъарал асаразул, лъугьа-бахъиназул тартиб чІезаби. Жидецаго текст магІнаял бутІабазде биххи, мугІалимасул кумекалдалъун гьезулъ цІикІкІун кІвар бугеб бакІ балагьи. ТІубанго тексталъул ва гьелъул щибаб бутІаялъул аслияб пикру загьир гьаби, гьезда цІар лъей.

МугІалимасул кумекалдалъун малъарал (цІаларал) асаразул план гІуцІи. Планалда рекъон мухІканго, гьоркьоса бищун, къокъго яги гІатІидго, хІасил бицин. Хабарияп, сипатиял ва пикруял текстал гІуцІи ва каламалъулъ гьездаса пайда босизе бажари.

Гара-чІвариялъулъ гІахьаллъи: лъурал суалазе жавабал кьезе, цо чІванкъотІараб темаялда тІаса кІалъазе, гьалмагъзабазул кІалъаялъухъ гІенеккизе бажари.

Жидеца цІалулеб тексталда жаниса ричІчІуларел рагІаби ва предложениял ратІарахъи, гьезул магІна мугІалимасда цІехей.

Диафильм хІисабалда малъараб (цІалараб) тексталъулъ кколел лъугьа-бахъиназул тартибалда суратал церечІезари.

Жидерго халкквеялъул, цІалдохъабазул гІумруялъул хІакъалъулъ хабар бицин.

Хабар бицунаго, синонимаздаса, сипатиял рагІабаздаса ва предложенияздаса пайда боси.

Героязул, тІабигІаталъул, лъугьа-бахъиназул сипат-сурат бихьизаби, авторас хІалтІизарулел рагІаби ва предложениял тексталъулъ жидецаго рати.

МугІалимасул кумекалдалъун малъарал асаразулъ лъугьа-бахъиназе ва героязул ишазе битІараб къимат кьей.

Каламалъул гьаркьилаб культура камиллъизаби, литературияб къагІидаялда рекъон рагІаби аби.

Халкъиял асараздаса литературиял асарал ратІа гьари.

# 4 класс (34 с)

ЦІали ва калам цІебетІезаби (анкьида жаниб 1 сагІат,кинабниги 34 сагІат)

Асарал цІализе ва гьелда тІад хІалтІизе-27 сагІат.

Класстун къватІисеб цІалиялъе-3 сагІат.

Калам цебетІезебиялъул хІалтІабазе-4сагІат.

**ЦІалул тематика**

**Бищунго кьарияб жо-рии,бищунго бечедаб жо-хасалихъльи.** Роол ва хасалихъльиялъул хІакъалъулъ рагІул устарзабаз хъварал асарал.Риидал рукІарал рекІелгъеязул ва хІухьбахъиялъул,хаслихъе хурул ва ахил бачІин рукъалде буссинабиялъулъ цІалдохъабаз гьабулеб гІахьаллъиялъул гара-чІвари.

**Дунги дир гьалмагъзабиги** Лъималазул гІумруялъул,гьез гьабулеб гьудул – гьалмагълъиялъул,захІматалдехун гьезул бугеб гьоркьоблъиялъул бицунел харбал,кучІдул,маргьаби ва кицаби.

**ТІабигІат цІуни** ГІагараб тІабигІат,рухІчІаголъаби ва рохьал цІуниялъул хІакъалъулъ рицунел харбал,кучІдул ва маргьаби.

**ЛъикІабин сунда абулеб,квешабин сунда абулеб?** ГІадамазул гьоркьолъабазул ,унго-унгоял гьудулзабазул ва гьалмагъзабазул,лъикІабги квешабги хьвада-чІвадиялъул,яхІ-намусалъул хІакъалъулъ рицунел харбал,кучІдул,маргьаби,кицаби,бицанкІаби ва абиял.

**Гьудуллъиялъ бахъулареб хъала букІунареб** Халкъазул вацлъиялъул ва гьудуллъиялъул бицунел кучІдул,харбал ва маргьаби.

**Хасел** Хасалил тІабигІаталъул хІакъалъулъ рагІул устарзабаз хъварал асарал.

**Халкъияб кІалзул гьунаралъул асарал** Аваразул ва цогидал миллатазул маргьаби,кицаби,абиял ва бицанкІаби.

**ТІабигІат берцинаб их** Ихдалил тІабигІат чІаголъулеб куцалъул,гьелъул берцинлъиялъ гьабулеб асаралъул,ихдалил байрамазул бицунел асарал.

**Нилъер адабият ва маданият** РухІияб ма материалияб маданияталъул ,рукІа-рахъиналъул,захІматалъул,хьвада чІвадиялъул,адабияталъул хІакъалъулъ бицунел асарал.МагІарул устарзабазул хІакъалъулъ харбал ва кучІдул(ГьоцІалъ,Унсоколо,Рахата,ГІанди).

**МугІрузул улка** Дагъистаналъул мацІазул,халкъазул тарихалъул,эркенлъиялъе гІоло къеркьарал бахІаразул(Шамилил,ГъазамухІамадил,ХІамзатил ва гь.ц.)биографиялъул хІакъалъулъ бицунел асарал.

**ЦІалиялъул рахъалъ цІалдохъабазул лъугьине кколеб бажари**

**ЛъагІалил I бащалъи.** Логикияб ударениеги лъун,кколелъул лъалхъиги гьабун, рагІун, битІун, бичІчІун, чвахун, рагІабиккун текст цІалиялъул хехлъи минуталда жаниб 85-90 рагІуде бахине ккола.

**ЛъагІалил I I бащалъи.**Минуталда жаниб 90-120 рагІи кколеб хехлъиялда художествиял текстал ритІун, дурун ва пасихІго,рагІун цІализе.

**Тексталда тІад хІалтІи.Цоцада хурхараб калам**

ТІехьалдаса цІалараб жоялъул магІна жидецаго босизе (аслияб пикру жидерго рагІабаздалъун загьир гьабизе);

Тексталъул бутІабазул магІнаялъулаб бухьен чІезабизе;хабаралъул план гІуцІизе.

Жидецаго гІуцІараб планалда рекъон асаразул хІасил къокъгоги гІатІидгоги бицине;цо чІванкъотІараб суалалда тІасан хабар гІуцІизе.

Жидецаго гІуцІараб плananалда рекъон асаразул хІасил къокъгоги гІатІидгоги бицине ;цо чІванкъотІараб суалалда тІасан хабар гІуцІизе тексталъул материал батизе.Хабар бицунаго,магІнаялъул тартиб ва дурусльи цІунизе.

Хабаралъул героязул каламалъул хаслъабазухъ халкквезе, гьезул ишал ва цогидаздехун ругел гьоркьорлъаби дандекквезе.

Героязул гІамал-хасияталъе ва рагІабазе къимат кьезе, герояздехун ва гьез гІахьаллъи гьабулел лъугьа-бахъи загьир гьабизе. Асаразда жанир кколел лъугь-бахъиназул,героязул,сверухъ бугеб тІабигІаталъул сипат-сурат цебечІезабулел рагІаби ратизе (данднккевеял,эпитетал,метафорал,фразеологиял свераби ).

Харбазул, кучІдузул, маргьабазул,кицабазул,абиязул, бицанкІабазул хІакъалъулъ 1-3 классазда щвараб лъай щула гьабизе. Художествиял текстал гІелмиял текстаздаса ратІа рахъизе ругьун гьаризе.

ЛъагІалида жаниб 10-12 кечІ рекІехъе лъазабизе.

**Класстун къватІисеб цІали**

ЦІалул дарсазда цадахъго гІатІидго бачине ккола класстун къватІисеб хІалтІиги.Гьелъул аслияб мурад буго литератураялъулгун цІалдохъабазул лъай-хъвай гьаби,лъималазул тІехьалде интерес бижизаби,жалго жидедаго чмун,тІехь цІализе ва гьеб тІаса бищизе лъимал ругьун гьари.

Программаялда рекъон цІалдохъабаз лъай-хъвай гьабула батІи-батІиял жанразул темабазул лъималазе хъварал тІахьазулгун. МугІалимасул ихтияр буго лъазаризе мустахІикъал асарал,тІахьал,авторал тІаса рищизе ва,гьезулгун лъай-хъвай гьабулаго,сагІтазул цо чІванкъотІараб къадар бихьизабизе.Амма гьаниб хІисабалде босизе ккола нилъер улкаялъул жакъасеб маданияталда жаниб щивав хъвадарухъанасул бугеб кІвар.

Класстун къватІисеб дарсида хасаб бакІ ккола гІагараб тІабигІаталъул хІакъалъулъ адабияталъ ва магІарулазул мацІалъул хаслъиялъул, бечелъиялъул,гьезул гІумруялъул,рукІа-рахъиналъул ва гІадатазул бицунел,гьединго халкъияб кмалзул гьунаралъул асараз.

**Программаялда гъорлъе уна:**

1. ЦІализе кколеб материал;
2. ЦІалул тематика;
3. ТІехьалъулгун гьабулеб хІалтІи.

Класстун къватІисеб цІалиялъе лъималазе кумек гьабула жура-гъуран гаргадиялъул бажари цебетІезабизе,ай гьединал дарсазда цІалдохъан ругьунлъула диалогалъулги гара-чмвариялъулъги гІахьаллъизе,гьалмагъзабазулъ гІенеккизе, жиндирго пикру загьир гьабизе ва гьелъулъ ритІухълъи бихьизабизе.

***ЦІализе кколеб материал.***

Аваразул ва цогидал миллатазул рагІул устарзабаз хъварал,лъималазул гІумруялде гІагарал гІисинал асарал.

**ЦІалул тематика.**

ГІадамазул цоцадехун рукІунел гьоркьорлъабазул, лъикІабги квешабги хьвада-чІвадиялъул, яхІ-намусалъул,рухІияб ва материалияб маданияталъул,рукІа-рахъиналъул,Дагъистаналъул тарихалъул,халкъазул эркенлъиялъе гІоло къеркьарал бахІаразул хІакъалъулъ бицунел асарал.

ТІехьалъулгун гьабулеб хІалтІи.

**Лъималазда лъазе ва бажаризе ккола:**

Лъималазул гІумруялда хурхараб тІехь балагьизе ва жидецаго цІализе;

лъагІалил I бащалъиялда анкьида жаниб 3-6 гьумералде,лъагІалил II бащалъиялда 15-20 гьумералде рахарал асарал цІализе:

ЦIалараб жоялъул къокъго хIасил бицине: мугIалимас кьураб ялъуни жидецаго гIуцIараб планалда рекъон,героясул хIакъалъулъ хабар гIуцIизе.

**Авар каламалъе къиматал лъезе ч1езарурал нормаби.**

«5» къимат лъола, мух1канго, г1ураб гъварилъиялда малъараб материал ц1алдохъанас бицунеб ва мац1алъул г1елмиял баяназе бит1араб определение кьолеб бугони, гьединго ц1ехолеб материал т1ок1к1ун лъалеб ва, гьелдаса пайдаги босун, т1ехьалда ругел гурелги, жинцаго ургъарал мисалаздалъун жаваб кьуни.

«4» къимат лъола щуйил къиматалъе мустах1икъаб, амма маг1наялъулъ, яги хадуб-цебе рекъон бач1иналъулъ,1-2 гъалат1 яги бицадулъ 1-2 сакъат ккараб жавабалъе.

«3» къимат лъола ц1ехолеб материал аслияб куцалъ ц1алдохъанасда бич1ч1ун ва лъан бук1ин бихьизабулеб, амма определение кьолаго, яги бит1унхъваялъул къаг1ида бицунаго, г1унгут1аби риччараб, т1убараб мух1канлъи гьеч1еб жавабалъе.

«2» къимат лъола малъараб материалалъул ц1ик1к1унисеб бут1а ц1алдохъанасда лъалеб батич1они, бицунеб жоялъул тартиб гьеч1ого, бак1-бак1алде к1анц1ун бицунеб бугони.

ДОКУМЕНТ ПОДПИСАН
ЭЛЕКТРОННОЙ ПОДПИСЬЮ

СВЕДЕНИЯ О СЕРТИФИКАТЕ ЭП

Сертификат 575513511485277002546729800540994211588910956504

Владелец Исаева Эльмира Ахмедгаджиевна

Действителен С 21.12.2022 по 21.12.2023